

2026

# Avi Anyèl pou Chanjman

Senior Whole Health of New York NHC  
(HMO D-SNP)

New York H5992-007-000

Anvigè soti premye janvyè pou rive 31 desanm, 2026

H5992\_26\_007\_NY\_ANOC\_M

NY-H5992-7-AC-HT-26-L

Chè Manm:

Mèsi dèske ou se yon manm nan plan nou an, Medicaid Advantage Plus, Senior Whole Health of New York NHC (HMO-DSNP). Nou ekri w pou nou enfòmasyon sou yon chanjman enpòtan ki fèt nan pwosesis pou apèl ou yo, k ap efektif nan dat 1ye janvyè 2026 la.

Apati 1ye janvyè 2026, fason ou mande Apèl Nivo 2 a ap chanje. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou chanjman sa a nan Seksyon 2 Avi Anyèl pou Chanjman pou ane 2026 la ki ansanm ak lèt sa a.

Si w gen nenpòt kesyon sou chanjman sa a, tanpri kontakte Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440. (Itilizatè TTY yo rele 711.)

Nou disponib pou apèl nan telefòn. Orè yo se 1ye oktòb - 31 mas: 8 a.m. jiska 8 p.m. lè lokal, 7 jou pa semèn. Soti 1ye avril - 30 septanm, lendi – vandredi, 8 a.m. rive 8 p.m. lè lokal. Apèl sou nimewo sa yo gratis.

## **Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) ki ofri grasa Senior Whole Health of New York, Inc.**

### **Avi Anyèl pou Chanjman pou 2026**

Ou enskri kòm yon manm nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP).

Materyèl sa a dekri chanjman yo nan depans plan nou ak avantaj yo pou pwochen ane a.

- **Ou gen ant 15 Oktòb – 7 Desanm pou fè chanjman nan kouvèti Medicare ou pou pwochen ane a.** Si w pa antre nan yon lòt plan anvan 7 desanm, 2025, w ap rete nan plan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP).
- Pou chanje pou antre nan yon **plan diferan**, ale sou sit [www.Medicare.gov](http://www.Medicare.gov) oswa revize lis la ki nan do ti liv *Medicare & Ou Menm 2026* la.
- Tanpri sonje sa se sèlman yon rezime chanjman yo. Gen plis enfòmasyon sou depans yo avantaj yo ak règ yo nan *Prèk Kouvèti a*. Jwenn yon kopi sou [SWHNY.com](http://SWHNY.com) oswa rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711) pou jwenn yon kopi pa lapòs.

### **Plis Resous**

- Dokiman sa a disponib gratis nan lang Espanyòl, Chinwa, Arab, Koreyen, Ris, Italyen, Fransè, Kreyòl Fransè, Yidich, Polonè, Tagalòg, Bengalè, Albanyen, Grèk ak Oudou.

- Rele Sèvis Manm yo nan nimewo (833) 671-0440 (itilizatè TTY dwe rele 711.) pou jwenn plis enfòmasyon. **Orè yo se premye oktòb - 31 mas:** 8 a.m. jiska 8 p.m. lè lokal, 7 jou pa semèn. **Soti premye avril - 30 septanm,** Lendi – Vandredi, 8 a.m. – 8 p.m. lè lokal. Apèl sa a gratis.
- Ou ka jwenn dokiman sa a gratis nan lòt lang oswa lòt fòm, tankou gwo karaktè, bray, oswa odyo. Rele (833) 671-0440, (TTY:711). Apèl sa a gratis.

### **Sa w dwe konnen sou Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP)**

- Molina Healthcare se yon plan C-SNP, D-SNP ak HMO ki gen yon kontra Medicare. Plan D-SNP yo gen yon kontra avèk pwogram Medicaid Eta a. Enskripsyon an depann sou renouvèlman kontra a. Epitou, plan nou an gen yon akò alekri avèk pwogram Medicaid New York la pou kowòdone benefis Medicaid ou yo.
- Lè dokiman sa a di “nou,” “nou menm,” oswa “nou an,” li vle di Senior Whole Health of New York, Inc. Lè li di “plan” oswa “plan nou an,” li vle di Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP).
- **Si w pa fè anyen anvan 7 desanm 2025, y ap enskri w otomatikman nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP).** Apati premye janvyè, 2026, w ap jwenn kouvèti medikal ak kouvèti medikaman atravè Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP). Gade nan Seksyon 3 pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou chanje plan ak dat limit pou fè yon chanjman.

## **Avi Anyèl Chanjman pou 2026**

### **Lis Sijè yo**

<b>Rezime Pri Enpòtan yo pou 2026</b>		<b>5</b>
<b>SEKSYON 1</b>	<b>Chanjman nan Avantaj yo ak Depans pou Pwochen Ane yo</b>	<b>11</b>
Seksyon 1.1	Chanjman nan Prim Mansyèl la	11
Seksyon 1.2	Chanjman nan Maksimòm Lajan W ap Peye nan Pòch Ou	11
Seksyon 1.3	Chanjman nan Rezo Pwofesyonèl Swen Sante	13
Seksyon 1.4	Chanjman nan Rezo Famasi a	13
Seksyon 1.5	Chanjman nan Avantaj ak Depans pou Sèvis Medikal yo	14
Seksyon 1.6	Chanjman nan Kouvèti Medikaman nan Pati D	20
Seksyon 1.7	Chanjman nan Avantaj ak Depans pou Medikaman sou Preskripsyon	21
<b>SEKSYON 2</b>	<b>Chanjman Administratif</b>	<b>32</b>
<b>SEKSYON 3</b>	<b>Fason pou Chanje Plan yo</b>	<b>36</b>
Seksyon 3.1	Dat Limit pou Chanjman Plan yo	37
Seksyon 3.2	Èske gen lòt lè nan ane a pou fè chanjman?	38
<b>SEKSYON 4</b>	<b>Jwenn Èd pou Peye pou Medikaman sou Preskripsyon</b>	<b>39</b>

---

<b>SEKSYON 5</b>	<b>Èske ou gen kesyon? .....</b>	<b>41</b>
Seksyon 5.1	Jwenn Èd nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) .....	41
Seksyon 5.2	Jwenn Sesyon Konsèy Gratis sou Medicare .....	42
Seksyon 5.3	Jwenn Èd nan Medicare .....	43
Seksyon 5.4	Jwenn Èd nan Medicaid .....	44

## Rezime Pri Enpòtan yo pou 2026

Tablo pi ba a konpare pri pou 2025 ak pri pou 2026 yo pou Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) nan plizyè domèn enpòtan. **Tanpri note sa se sèlman yon rezime pri yo.**

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
<b>Prim plan mansyèl*</b> * Pèman pa mwa ou ka pi wo pase kantite lajan sa a. Gade Seksyon 1.1 pou jwenn detay yo.	\$0	\$0
<b>Vizit nan klinik pou swen prensipal</b>	\$0 kopèman pa vizit	\$0 kopèman pa vizit
<b>Vizit nan klinik espesyalis</b>	30% kopèman pa vizit	30% kopèman pa vizit
<b>Lopital pou Pasyan ki Entène</b> Ladan gen pasyan grav ki entène, reyadaptasyon pou pasyan ki entène, lopital swen alontèm ak lòt kalite sèvis nan	\$0 kòm kopèman Plan an kouvri jiska 90 jou swen lopital pou pasyan ki entène pou chak peryòd avantaj. Ou genyen tou yon 60 jou kouvèti anplis, yo rele l rezèv jou pou lavi.	<b>\$0 kòm kopèman</b> <b>Plan an kouvri jiska 90 jou swen lopital pou pasyan ki entène pou chak peryòd avantaj. Ou genyen tou yon 60 jou kouvèti anplis, yo rele l rezèv</b>

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
lopital pou pasyan ki entène. Swen lopital pou pasyan ki entène an kòmanse jou yo entène w fòmèlman nan lopital la sou rekòmandasyon yon doktè. Jou anvan yo egzeyate w la se dènye jou w kòm pasyan ki entène.	Ou kapab itilize 60 jou sa yo yon sèl fwa. N ap kòmanse aplike rezèv jou pou lavi yo otomatikman amwenske ou di nou prezizeman pou nou pa fè sa (al gade nan Prèw sou Kouvèti w la pou plis detay sou peryòd avantaj yo).	<b>jou pou lavi. Ou kapab itilize 60 jou sa yo yon sèl fwa. N ap kòmanse aplike rezèv jou pou lavi yo otomatikman amwenske ou di nou prezizeman pou nou pa fè sa (al gade nan Prèw sou Kouvèti w la pou plis detay sou peryòd avantaj yo).</b>
<b>Kouvèti Medikaman Pati D</b>	Medikaman Pati D ki kouvri yo sou fòmilè a ap sou yon nivo. Lajan w ap peye pou yon pwovizyon pou yon mwa (31-jou) k ap egzekite nan yon famasi ki nan rezo a ak pataj frè estanda:  <b>Medikaman jenerik ak prefere ki soti nandivès sous:</b> W ap peye <b>\$0</b> pou chak preksripsyon	<b>Franchiz: \$615</b>  <b>Pandan etap sa a, w ap peye \$0 kòm pataj frè pou medikaman Nivo 1 ak Nivo 6 ak pri medikaman ki aplikab yo nan Nivo 2, Nivo 3, Nivo 4 ak Nivo 5 jiskaske w atenn franchiz anyèl la.</b>  <b>Kopèman pandan Etap Kouvèti Inisyal la:</b>  <b>Medikaman Nivo 1:</b>

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochè)</b>
	<p><b>Tout lòt medikaman yo:</b> W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.</p>	<p><b>\$0 kòm kopèman</b></p> <p><b>Medikaman Nivo 2:</b> <b>\$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopèman pou medikaman jenerik (ki enkli medikaman gwo mak yo trete kòm medikaman jenerik)</b></p> <p><b>\$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopèman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon</b></p> <p><b>Medikaman Nivo 3:</b> <b>\$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopèman pou medikaman jenerik (ki enkli medikaman gwo mak yo trete kòm medikaman jenerik)</b></p>

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochè)</b>
		<p><b>\$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopèman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon</b></p> <p><b>Medikaman Nivo 4:</b>  <b>\$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopèman pou medikaman jenerik (ki gen ladan medikaman gwo mak yo trete kòm medikaman jenerik)</b>  <b>\$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopèman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon</b></p> <p><b>Medikaman Nivo 5:</b>  <b>\$0, \$1.60, oswa \$5.10 kòm kopèman pou medikaman jenerik</b></p>

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochè)</b>
		<p><b>(ki enkli medikaman gwo mak yo trete kòm medikaman jenerik)</b></p> <p><b>\$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopèman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon</b></p> <p><b>Medikaman Nivo 6:</b></p> <p><b>\$0 kòm kopèman</b></p> <p><b>Pwoteksyon kont Katastwòf:</b></p> <p><b>Pandan etap pèman sa a, ou pap peye anyen pou medikaman Pati D ki kouvri yo.</b></p>

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
<p><b>Maksimòm pou Depans ak Lajan ki Soti nan Pòch yo</b></p> <p>Sa a se <u>pi plis</u> w ap peye ak lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis ki kouvri nan Pati A ak Pati B. (Gade Seksyon 1.2 pou jwenn detay yo.)</p>	<p>\$9,350</p> <p>Si w elijib pou jwenn pou pataj frè Medicare atravè Medicaid, ou pa responsab pou w peye okenn frè ak lajan ki soti nan pòch ou pou atenn montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.</p>	<p><b>\$9,250</b></p> <p><b>Si w elijib pou jwenn èd pou pataj frè Medicare atravè Medicaid ou pa responsab pou w peye okenn frè ak lajan ki soti nan pòch ou pou atenn montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.</b></p>

## SEKSYON 1 Chanjman nan Avantaj yo ak Depans pou Pwochen Ane yo

### Seksyon 1.1 Chanjman nan Prim Mansyèl la

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
<b>Prim plan mansyèl</b> (Ou dwe kontinye peye tou prim Medicare Part B ou genyen an amwenske Medicaid l pou ou.)	\$0	\$0

### Seksyon 1.2 Chanjman nan Maksimòm Lajan W ap Peye nan Pòch Ou

Medicare egzije pou tout plan sante yo limite kantite lajan w ap peye ki soti nan pòch ou pou ane a. Limit sa a rele maksimòm lajan w ap peye ki soti nan pòch ou. Yon fwa ou peye montan sa a, anjeneral ou pa peye anyen pou sèvis ki kouvri nan Pati A ak Pati B pou rès ane sivil la.

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
<b>Maksimòm pou Depans ak Lajan ki Soti nan Pòch yo</b>	\$9,350	\$9,250 Kou ou genyen an peye \$9,250 ak

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
<p>Piske manm nou yo jwenn èd nan men Medicaid tou, se sèlman kèk nan manm yo ki rive atenn maksimòm lajan ki soti nan pòch sa a.</p> <p>Ou pa responsab pou w peye okenn frè ak lajan ki soti nan pòch ou pou atenn maksimòm lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.</p> <p>Frè w ap peye pou sèvis medikal ki kouvri yo (tankou kopèman) <b>konte</b> nan maksimòm pou depans ak lajan ki soti nan pòch ou. Prim plan nou an ak ou peye pou medikaman sou preskripsyon yo <b>pa konte</b> nan maksimòm depans ak lajan ki soti nan pòch ou.</p>		<p><b>lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis ki kouvri nan Pati A ak Pati B, ou pa p peye anyen ankò pou sèvis ki kouvri nan Pati A ak Pati B pou rès ane sivil la.</b></p>

### **Seksyon 1.3 Chanjman nan Rezo Pwofesyonèl Swen Sante**

Rezo founisè swen sante nou a chanje pou ane pwochèn. Revize 2026 *Anyèl Founisè Swen Sante* a sou [SWHNY.com](http://SWHNY.com) pou wè si founisè swen sante w yo (founisè swen prensipal, espesyalis, lopital, elatriye) nan rezo nou an. Men fason pou jwenn yon dènye *Anyèl Founisè Swen Sante*:

- Ale sou sit nou an sou [SWHNY.com](http://SWHNY.com).
- Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711) pou jwenn dènye enfòmasyon sou founisè swen sante oswa pou mande nou voye pou ou pa lapòs yon *Anyèl Founisè Swen Sante*.

Nou gendwa fè chanjman nan lopital, doktè, ak espesyalis (founisè) ki fè pati plan nou an pandan ane a. Si yon chanjman nan mitan ane a nan founisè swen sante nou yo afekte ou, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711) pou jwenn èd. Pou plis enfòmasyon sou dwa ou yo lè yon founisè ki nan rezo a kite plan nou an, gade nan Chapit 3, Seksyon 2.3 nan *Prèy Kouvèti* ou a.

### **Seksyon 1.4 Chanjman nan Rezo Famasi a**

Kantite lajan ou peye pou medikaman sou preskripsyon w yo depann de ki famasi ou itilize. Plan medikaman Medicare yo gen yon rezo famasi. Nan pifò ka, preskripsyon w yo kouvri sèlman si yo voye yo nan yonn nan famasi ki nan rezo nou an.

Rezo famasi nou a chanje pou ane pwochèn. Revize *Anyèl Famasi* a sou [SWHNY.com](http://SWHNY.com) pou wè ki famasi ki nan rezo nou a. Men fason pou jwenn yon dènye *Anyèl Famasi*:

- Ale sou sit nou an sou [SWHNY.com](http://SWHNY.com).

- Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711) pou jwenn dènnye enfòmasyon yo oswa pou mande pou nou voye ba ou pa lapòs yon *Anyèl Famasi*.

Nou ka fè chanjman nan famasi ki fè pati nan plan nou an pandan ane a. Si yon chanjman nan mitan ane a nan famasi nou yo afekte ou, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711) pou jwenn èd.

## **Seksyon 1.5 Chanjman nan Avantaj ak Depans pou Sèvis Medikal yo**

Tanpri note Avi Anyèl Chanjman la fè w konnen chanjman ki genyen nan avantaj ak frè Medicare ou yo.

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochèn)</b>
<b>Benefis Siplemanchè Espesyal pou Maladi Kwonik (SSBCI)- Manje ak pwodui</b>	Avantaj la kouvri antanke yon Benefis Siplemanchè Espesyal pou Maladi Kwonik (Special Supplemental Benefits for the Chronically Ill, SSBCI). Moun ki kalifye yo ap resevwa yon alokasyon \$73 chak mwa pou aliman ak pwodui ki bon pou sante. Kouvèti SSBCI a se sèlman pou	<b>Manm ki kalifye epi ki gen kondisyon sante kwonik elijib yo ap resevwa \$285 konbine chak mwa pou Aliman ak Pwodui (SSBCI).</b>

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochè)</b>
	manm ki gen kondisyon sante kwonik byen presi yo.	
<b>Benefis Siplemanchè Espesyal pou Maladi Kwonik SSBCI- Sèvis Piblik</b>	Se pa yon avantaj siplemanchè ki gen kouvèti.	<b>Manm ki kalifye epi ki gen kondisyon sante kwonik elijib yo ap resevwa \$285 konbine chak mwa pou ede yo peye bòdwo sèvis piblik (elektrisite, gaz natirèl ak dlo).</b>
<b>Benefis Siplemanchè Espesyal pou Maladi Kwonik (SSBCI)- Transpò pou Bezwen ki pa Medikal</b>	Se pa yon avantaj siplemanchè ki gen kouvèti.	<b>Manm kalifye ki gen kondisyon sante kwonik elijib yo ap resevwa yon alokasyon \$285 konbine chak mwa pou yo gen aksè nan transpò pou bezwen ki pa medikal.</b>
<b>Kat debi prepeye (kat Healthy You)</b>	Ou gen yon kat Healthy You ki gen yon alokasyon konbine pou	<b>Ou resevwa yon kat debi prepeye Healthy You ki gen \$285 kòm</b>

	<b>2025</b> <b>(ane sa a)</b>	<b>2026</b> <b>(ane pwochè)</b>
	<p>sèvis OTC ak Transpò ansanm ak yon alokasyon SSBCI Pwodui ak Aliman separe.</p>	<p><b>alokasyon konbine chak mwa pou atik OTC, èd pou tande OTC, sèvis transpò pou ale nan anplasman sante plan an apwouve, SSBCI pou aliman ak pwodui, transpò pou bezwen ki pa medikal ak sèvis piblik. Sèvis transpò yo kapab aksesib grasa kat debi a. Ou kapab achte atik OTC yo grasa kat debi a oswa katalòg acha a. Ou kapab achte èd pou tande OTC yo grasa katalòg acha a. Ou kapab gen aksè nan Avantaj Anplis SSBCI yo grasa kat debi a epi ladan yo gen Aliman ak Pwodui, Transpò</b></p>

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
		<p>pou Bezwen ki pa Medikal, ak Sipò Jeneral pou Lavi chak Jou. Alokasyon ki pa itilize yo p ap ajoute sou pwochen mwa a.</p>
<p><b>Lòt Avantaj Telesante yo</b></p>	<p>Ou peye \$0 kòm kopèman pou kèk sèvis telesante tankou Sèvis Medsen Swen Prensipal.</p>	<p><b>Ou peye \$0 kòm kopèman pou kèk sèvis telesante tankou Sèvis Reyabilitasyon Kadyak, Sèvis Medsen Swen Prensipal, Sèvis Kiwopraktik, Sèvis Ègoterapi, Sèvis Medsen Espesyalis, Seyans Endividyèl pou Sèvis Espesyalize nan Sante Mantal, Seyans an Gwoup pou Sèvis Espesyalize nan Sante Mantal, Sèvis Podoloji, Lòt Pwofesyonèl Swen Sante, Seyans</b></p>

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochèn)</b>
		<b>Endividyèl pou Sèvis Sikyatrik, Seyans an Gwoup pou Sèvis Sikyatrik, Sèvis pou Terapi Fizik ak Terapi Langaj ak Lapawòl, Sèvis Pwogram Tretman abaz Opiyoyid, Seyans Endividyèl kont Abi Sibstans pou Pasyan ki pa Entène, ak Seyans an Gwoup kont Abi Sibstans pou Pasyan ki pa Entène.</b>
<b>Sèvis Transpò pou Anplasman ki Apwouve pou Plan an (Siplemantè)</b>	Ou resevwa \$100 kòm alokasyon chak mwa pou gen aksè nan transpò. Alokasyon sa a konbine ansanm ak avantaj OTC a.	<b>Ou resevwa yon kat debi prepeye Healthy You ki gen \$285 kòm alokasyon konbine chak mwa pou sèvis transpò pou ale nan anplasman sante plan an apwouve.</b>

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochèn)</b>
		<b>Kòm egzanp pou anplasman plan an apwouve gen rezo pwofesyonèl swen sante pou sèvis medikal, famasi, swen dantè, swen pou je ak zòrèy.</b>
<b>Egzamen Èd pou Tande (Siplemantè)</b>	Se pa yon avantaj siplemantè ki gen kouvèti.	<b>Ou resevwa yon egzamen oditif pa woutin chak ane sivil.</b>
<b>Preskripsyon Èd pou Tande</b>	Se pa yon avantaj siplemantè ki gen kouvèti.	<b>Ou resevwa jiska 2 èd pou tande, yo chwazi deja, nan men yon pwofesyonèl swen sante plan an apwouve, chak 2 ane, pou toude zòrèy yo konbine.</b>
<b>Atik yo vann san preskripsyon (Over-the-Counter, OTC) Èd pou Tande</b>	Se pa yon avantaj siplemantè ki gen kouvèti.	<b>Ou resevwa yon kat debi prepeye Healthy You ki gen \$285 kòm alokasyon konbine</b>

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
(Siplemantè)		chak mwa pou èd pou tande OTC yo.

## Seksyon 1.6 Chanjman nan Kouvèti Medikaman nan Pati D

### Chanjman nan Lis Medikaman Nou an

Lis medikaman nou yo ki kouvri yo rele yon Fòmilè oswa Lis Medikaman. Yon kopi Lis Medikaman nou yo disponib sou fòm elektwonik.

Nou te fè chanjman nan Lis Medikaman nou an, sa ki ka gen ladan retire oswa ajoute medikaman, chanje restriksyon ki aplikab pou kouvèti nou pou kèk medikaman oswa deplase yo mete nan yon nivo pataj frè ki diferan. **Revize Lis Medikaman an pou asire w medikaman w yo ap kouvri ane pwochè epi pou gade si pa genyen okenn restriksyon, oswa si medikaman w lan te deplase al nan yon kote diferan ki pataje depans yo.**

Pifò chanjman yo nan Lis Medikaman an fèt nan kòmansman chak ane. Sepandan, nou ka fè lòt chanjman règ Medicare yo pèmèt ki pral afekte w pandan ane sivil la. Nou fè mizajou nan Lis Medikaman nou an anliy omwen yon fwa pa mwa pou bay lis ki pi resan pou medikaman yo. Si nou te fè yon chanjman ki pral afekte aksè w ak yon medikaman w ap pran, n ap voye yon avi ba ou konsènan chanjman an.

Si gen yon chanjman k ap afekte w nan kouvèti medikaman nan kòmansman ane a oswa pandan ane a, tanpri revize Chapit 9 nan *Prè*

*Kouvèti* w la epi pale ak moun ki preskri w la pou wè ki chwa ou genyen, tankou mande yon kantite tanporè, aplike pou yon eksepsyon, ak/oswa eseye jwenn yon nouvo medikaman. Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711.) pou jwenn plis enfòmasyon.

## **Seksyon 1.7 Chanjman nan Avantaj ak Depans pou Medikaman sou Preskripsyon**

### **Èske ou jwenn Extra Help pou peye pri pou kouvèti medikaman ou an?**

Si w nan yon pwogram k ap ede peye pou medikaman w yo (Extra Help), **enfòmasyon konsènan kantite lajan sa koute pou medikaman Pati D yo ka pa aplikab pou ou.** Nou voye pou ou yon dokiman separe, ki rele *Prèk Kouvèti pou Moun ki Jwenn Extra Help pou Peye Medikaman sou Preskripsyon yo (Evidence of Coverage Rider for People Who Get Extra Help Paying for Prescription Drugs)*, k ap bay enfòmasyon sou depans pou medikaman w yo. Si w resevwa Extra Help epi ou pa resevwa dokiman sa a anvan 30 Septanm, rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711) epi mande pou *Avnan LIS (LIS Rider)*.

### **Etap Pèman Medikaman**

Gen 3 **etap nan pèman medikaman**: Etap Franchiz Anyèl la, Etap Kouvèti Inisyal la, ak Etap Pwoteksyon kont Katastwòf la. Etap Diferans Kouvèti a ak Coverage Gap Discount Program pa egziste ankò nan benefis Pati D a.

- ***Etap 1: Franchiz Anyèl***

Ou kòmanse nan etap pèman sa a chak ane sivil. Pandan etap sa a, ou peye pri total pou medikaman Pati D w yo jiskaske w atenn franchiz anyèl la.

- **Etap 2: Kouvèti Inisyal**

Kou w peye franchiz anyèl la, ou pase nan Etap Kouvèti Inisyal la. Nan etap sa a, plan nou an peye pati pa li nan frè pou medikaman ou yo, epi ou peye pati pa w nan frè yo. Jeneralman ou rete nan etap sa a jiskaske total depans pou medikaman depi kòmansman ane w peye ak lajan ki soti nan pòch atenn a \$2,100.

- **Etap 3: Pwoteksyon kont Katastwòf**

Sa se twazyèm ak dènye etap pèman medikaman an. Nan etap sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Pati D ou yo ki kouvri yo. Anjeneral ou rete nan etap sa a jouk nan fen ane sivil la.

Yo ranplase Coverage Gap Discount Program la ak yon Manufacturer Discount Program. Anba Manufacturer Discount Program., fabrikan medikaman yo peye yon pati nan kantite total lajan plan nou an pou dwòg gwo mak ak sa ki biyolojik ki kouvri nan Pati D a pandan Etap Kouvèti Inisyal la ak Etap Pwoteksyon kont Katastwòf la. Rabè fabrikan yo peye anba Manufacturer Discount Program an pa konte nan lajan w ap peye ki soti nan pòch ou.

Tablo a montre depans ou pou chak preskripsyon pandan etap sa a.

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
<b>Franchiz Anyèl</b>	\$0	\$615  <b>Pandan etap sa a, w ap peye \$0 kòm pataj frè pou</b>

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochè)</b>
		<b>medikaman Nivo 1 ak Nivo 6 ak pri medikaman ki aplikab yo nan Nivo 2, Nivo 3, Nivo 4 ak Nivo 5 jiskaske w atenn franchiz anyèl la.</b>

## **Frè Medikaman nan Etap 2: Kouvèti Inisyal**

Tablo a montre lajan w ap peye pou chak preskripsyon pou yon pwovizyon pou yon mwa k ap egzekite nan yon famasi ki nan rezo a avèk pataj frè estanda.

Pifò vaksen Pati D pou granmoun yo kouvri gratis pou ou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pri vaksen yo, oswa enfòmasyon sou pri yo, ale nan Chapit 6 nan *Prèy sou Kouvèti* w la.

Kou w peye \$2,100 ak lajan ki soti nan pòch ou pou medikaman Pati D ki kouvri yo, w ap avanse nan pwochen etap la (Etap Pwoteksyon kont Katastwòf la).

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
<p><b>Nivo 1 (Medikaman Jenerik Prefere):</b></p> <p>Nou te chanje nivo a pou kèk medikaman ki sou Lis Medikaman nou an. Pou w wè si medikaman w yo ap nan yon nivo ki diferan, chèche yo nan Lis Medikaman an.</p>	<p>Medikaman Pati D ki kouvri yo sou fòmilè a ap sou yon nivo. Lajan w ap peye pou yon pwovizyon pou yon mwa (31-jou) k ap egzekite nan yon famasi ki nan rezo a ak pataj frè estanda:</p> <p><b>Medikaman jenerik ak sa ki soti nan divès sous ou prefere:</b></p> <p>W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.</p> <p><b>Tout lòt medikaman yo:</b></p> <p>W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.</p> <p>W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon. Kou w peye \$2,000 ak lajan ki soti nan pòch</p>	<p><b>\$0 kòm kopèman nan pri total la</b></p>

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
	ou pou medikaman Pati D yo, w ap avanse nan pwochen etap la (Etap Kouvèti kont Katastwòf la). Pataj frè w yo se \$0 nan Etap Kouvèti kont Katastwòf la)	
<b>Nivo 2 (Medikaman Jenerik):</b>	<p>Medikaman Pati D ki kouvri yo sou fòmilè a ap sou yon nivo.</p> <p>Lajan w ap peye pou yon pwovizyon pou yon mwa k ap egzekite nan yon famasi ki nan rezo a ak pataj frè estanda:</p> <p><b>Medikaman jenerik ak prefere ki soti nan divès sous:</b> W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.</p>	<p><b>\$0, \$1.60, oswa \$5.10 pou medikaman jenerik (ki enkli medikaman gwp mak ke yho trete kòm medikaman jenerik):</b></p> <p><b>\$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopèman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon.</b></p>

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochè)</b>
	<p><b>Tout lòt medikaman yo:</b></p> <p>W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon. Kou w peye \$2,000 ak lajan ki soti nan pòch ou pou medikaman Pati D yo, w ap avanse nan pwochen etap la (Etap Kouvèti kont Katastwòf la). Pataj frè w yo se \$0 nan Etap Kouvèti kont Katastwòf la)</p>	
<b>Nivo 3 (Medikaman Gwo Mak Prefere):</b>	<p>Medikaman Pati D ki kouvri yo sou fòmilè a ap sou yon nivo.</p> <p>Lajan w ap peye pou yon pwovizyon pou yon mwa k ap egzekite nan yon famasi ki nan rezo a</p>	<p><b>\$0, \$1.60, oswa \$5.10 pou medikaman jenerik (ki enkli medikaman gwp mak ke yho trete kòm medikaman jenerik):</b></p>

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
	<p>ak pataj frè estanda:</p> <p><b>Medikaman jenerik ak prefere ki soti nan divès sous:</b> W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.</p> <p><b>Tout lòt medikaman yo:</b> W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon. Kou w peye \$2,000 ak lajan ki soti nan pòch ou pou medikaman Pati D yo, w ap avanse nan pwochen etap la (Etap Kouvèti kont Katastwòf la). Pataj frè w yo se \$0 nan Etap Kouvèti kont Katastwòf la)</p>	<p><b>\$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopèman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon.</b></p>
<b>Nivo 4 (Medikaman ki Pa Prefere):</b>	Medikaman Pati D ki kouvri yo sou fòmilè a ap sou yon nivo.	<b>\$0, \$1.60, oswa \$5.10 pou medikaman jenerik</b>

	<b>2025</b> <b>(ane sa a)</b>	<b>2026</b> <b>(ane pwochè)</b>
	<p>Lajan w ap peye pou yon pwovizyon pou yon mwa k ap egzekite nan yon famasi ki nan rezo a ak pataj frè estanda:</p> <p><b>Medikaman jenerik ak prefere ki soti nan divès sous:</b>  W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.</p> <p><b>Tout lòt medikaman yo:</b></p> <p>W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon. Kou w peye \$2,000 ak lajan ki soti nan pòch ou pou medikaman Pati D yo, w ap avanse nan pwochen etap la (Etap Kouvèti kont Katastwòf la). Pataj frè w yo se \$0 nan Etap Kouvèti kont</p>	<p><b>(ki enkli medikaman gwp mak ke yho trete kòm medikaman jenerik):</b></p> <p><b>\$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopèman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon.</b></p>

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
	Katastwòf la)	
<b>Nivo 5 (Medikaman Espesyalize):</b>	<p>Medikaman Pati D ki kouvri yo sou fòmilè a ap sou yon nivo.</p> <p>Lajan w ap peye pou yon pwovizyon pou yon mwa k ap egzekite nan yon famasi ki nan rezo a ak pataj frè estanda:</p> <p><b>Medikaman jenerik ak prefere ki soti nan divès sous:</b> W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.</p> <p><b>Tout lòt medikaman yo:</b> W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon. Kou w peye \$2,000 ak lajan ki soti nan pòch ou pou medikaman Pati D yo, w ap avanse</p>	<p><b>\$0, \$1.60, oswa \$5.10 pou medikaman jenerik (ki enkli medikaman gwp mak ke yho trete kòm medikaman jenerik):</b></p> <p><b>\$0, \$4.90, oswa \$12.65 kòm kopèman pou tout lòt medikaman pou chak preskripsyon.</b></p>

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
	nan pwochen etap la (Etap Kouvèti kont Katastwòf la). Pataj frè w yo se \$0 nan Etap Kouvèti kont Katastwòf la)	
<b>Nivo 6 (Medikaman pou Swen Selektif):</b>	<p>Medikaman Pati D ki kouvri yo sou fòmilè a ap sou yon nivo.</p> <p>Lajan w ap peye pou yon pwovizyon pou yon mwa k ap egzekite nan yon famasi ki nan rezo a ak pataj frè estanda:</p> <p><b>Medikaman jenerik ak prefere ki soti nan divès sous:</b></p> <p>W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.</p> <p><b>Tout lòt medikaman yo:</b></p>	<b>\$0 nan pri total la</b>

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochè)</b>
	<p>W ap peye <b>\$0</b> pou chak preskripsyon. Kou w peye \$2,000 ak lajan ki soti nan pòch ou pou medikaman Pati D yo, w ap avanse nan pwochen etap la (Etap Kouvèti kont Katastwòf la). Pataj frè w yo se \$0 nan Etap Kouvèti kont Katastwòf la)</p>	

### **Chanjman nan benefis VBID Pati D ou a**

An 2025, Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) te patisipe nan Modèl Value Based Insurance Design (VBID) la, men pwogram sa a pa p kontinye ane sa a. Antanke yon pati nan benefis Pati D Modèl VBID a, Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) ofri eliminasyon pataj frè pou medikaman Pati D yo. Poutèt pwogram sa a kanpe, manm yo gendwa gen pataj frè sou tout medikaman Pati D yo nan tout faz kouvèti yo. Pou plis enfòmasyon, rele Sèvis Manm yo si w gen kesyon.

## Chanjman nan Etap Pwoteksyon kont Katastwòf yo

Pou enfòmasyon espesifik konsènan lajan sa ap koute w nan Etap Pwoteksyon kont Katastwòf la, gade nan Chapit 6, Seksyon 6, nan *Prèy Kouvèti* ou a.

### SEKSYON 2 Chanjman Administratif

N ap fè chanjman administratif pou pwochen ane a. Enfòmasyon ki nan tablo anba a dekri chanjman sa yo.

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochen)
<b>Dentaquest pa vandè ki gen kontra anko pou ane 2026 la.</b>	Dentaquest te administre sèvis dantè ou	<b>Sèvis dantè ou yo ap gen ladan sèvis prevantif ak sèten sèvis konplè, epi Liberty ap administre yo pou ane 2026 la.</b>
<b>Sèvis oditif ou ap chanje pou sèvi ak yon Vandè Oditif pou ane 2026 la.</b>	Founisè oditif ki te gen kontra ak Molina te administre sèvis oditif ou yo.	<b>NationsBenefits se ap vandè oditif ki gen kontra pou ane 2026 la.</b>
<b>Plan Pèeman Preskripsyon Medicare</b>	Pa aplikab	<b>Plan Peman Preskripsyon Medicare la se yon nouvo opsyon peman ki mache ak kouvèti</b>

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochè)</b>
		<p><b>pou medikaman ou gen kounye a, epi li kapab ede w jere depans pou medikaman w yo lè li distribye yo sou plizyè peman masyèl ki varye pandan tout ane a (Janvye – Desanm).</b></p> <p><b>Pou aprann plis sou opsyon peman sa a, tanpri kontakte nou nan (833) 671-0440 (TTY dwe rele: 711) oswa vizite <a href="https://www.Medicare.gov">Medicare.gov</a></b></p>
<p><b>Benefis Siplemanchè Espesyal pou Moun ki gen Maladi Kwonik III (SSBCI)</b></p>	<p>Si yo dyagnostike w ak (yon) maladi kwonik ki elijib epi ou satisfè sèten kritè, ou kapab elijib pou benefis siplemanchè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik. Kondisyon kwonik ki</p>	<p><b>Si yo dyagnostike w ak (yon) maladi kwonik ki elijib epi ou satisfè sèten kritè, ou kapab elijib pou benefis siplemanchè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik. Kondisyon kwonik ki</b></p>

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochè)</b>
	<p>elijib yo gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Depandans kwonik sou alkòl ak lòt dwòg</li> <li>• Twoub otoiminitè</li> <li>• Kansè</li> <li>• Twoub kadyovaskilè</li> <li>• Ensifizans kadyak kwonik</li> <li>• Demans</li> <li>• Dyabèt</li> <li>• Maladi fwa ki nan dènye faz</li> <li>• Maladi ren ki nan dènye faz (ESRD)</li> <li>• Twoub ematolojik grav</li> <li>• HIV/AIDS</li> <li>• Twoub poumon kwonik</li> </ul>	<p><b>elijib yo gen ladan:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Twoub kadyovaskilè</b></li> <li>• <b>Ensifizans kadyak kwonik</b></li> <li>• <b>Demans</b></li> <li>• <b>Dyabèt sikre</b></li> <li>• <b>Twoub poumon kwonik</b></li> <li>• <b>Maladi ren kwonik (CKD)</b></li> <li>• <b>Twoub itilizasyon alkòl kwonik ak lòt twoub itilizasyon sibstans (SUD)</b></li> <li>• <b>Kansè</b></li> <li>• <b>Twoub otoiminitè</b></li> <li>• <b>Twòp pwa, obezite, ak</b></li> </ul>

	<b>2025 (ane sa a)</b>	<b>2026 (ane pwochè)</b>
	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kondisyon sante mantal kwonik ak andikapan</li> <li>• Twoub newolojik</li> <li>• Estwok</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li><b>sendwòm metabolik</b></li> <li>• <b>Maladi gastwoentestinal kwonik</b></li> <li>• <b>Twoub ematolojik grav</b></li> <li>• <b>HIV/AIDS</b></li> <li>• <b>Kondisyon sante mantal kwonik ak andikapan</b></li> <li>• <b>Twoub newolojik</b></li> <li>• <b>Estwok</b></li> <li>• <b>Aprè transplantasyon ògàn</b></li> <li>• <b>Twoub iminodefisyans ak twoub iminosipresif</b></li> <li>• <b>Kondisyon ki asosye ak</b></li> </ul>

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochè)
		<p><b>pwoblèm kapasite mantal</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Kondisyon ki gen difikilte fonksyonèl</b></li> <li>• <b>Kondisyon kwonik ki afekte vizyon, tande (soud), gou, manyen, ak sant</b></li> <li>• <b>Kondisyon ki mande sèvis terapi kontinyèl pou moun yo ka kenbe oswa kontinye fonksyone</b></li> </ul>

### **SEKSYON 3 Fason pou Chanje Plan yo**

**Pou w rete nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP), ou pa bezwen fè anyen.** Amwenske w enskri pou yon plan ki diferan oswa chanje pou ale nan Original Medicare anvan 7 desanm, y ap anrejistre w otomatikman nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP) nou an.

Si w vle chanje plan pou 2026, suiv etap sa yo:

- **Pou w chanje al nan yon lòt plan sante Medicare**, enskri nan nouvo plan an. W ap dezabone otomatikman nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP).
- **Pou w chanje al nan Original Medicare avèk yon kouvèti medikaman**, enskri nan nouvo plan medikaman Medicare lan. W ap dezabone otomatikman nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP).
- **Pou chanje pou ale nan Original Medicare san yon plan medikaman**, ou ka voye yon demann alekri ban nou pou dezabone. Rele Sèvis Manm yo nan nimewo (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711.) pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou fè sa. Oswa, rele **Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) epi mande pou yo dezabone w. Itilizatè TTY yo kapab rele 1-877-486-2048. Si w pa enskri nan yon plan medikaman Medicare, ou gendwa peye yon penalite pou enskripsyon an reta nan Pati D (ale nan Chapit 1, Seksyon 4.4 nan *Prèw sou Kouvèti*) w la.
- **Pou aprann plis sou Original Medicare ak sou diferan kalite plan Medicare yo**, ale sou [www.Medicare.gov](http://www.Medicare.gov), gade ti liv *Medicare & Ou Menm 2026* la, rele State Health Insurance Assistance Program ou a (gade nan Seksyon 6), oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227).

### **Seksyon 3.1 Dat Limit pou Chanjman Plan yo**

Moun ki gen Medicare ka fè chanjman nan kouvèti yo soti **15 oktòb rive 7 desanm** chak ane.

Si w enskri nan yon plan Medicare Advantage pou premye janvyè 2026, epi ou pa renmen chwa plan w lan, ou ka chanje al nan yon lòt plan sante Medicare (avèk oswa san kouvèti medikaman Medicare) oswa chanje al nan Original Medicare (avèk oswa san kouvèti medikaman Medicare separe) ant premye janvyè ak 31 mas 2026.

### **Seksyon 3.2 Èske gen lòt lè nan ane a pou fè chanjman?**

Nan kèk sitiyasyon, moun gendwa gen lòt chans pou chanje pandan ane a. Egzanp yo gen ladan moun ki:

- Gen Medicaid
- Jwenn Extra Help pou peye pou medikaman yo
- Gen oswa pral soti nan kouvèti enstitisyon travay yo
- Pa rete nan zòn sèvis plan nou an

Paske w gen Medicaid, ou kapab kanpe abònman w nan plan nou an, pou fè sa chwazi youn nan opsyon Medicare annapre yo nan nenpòt mwa nan ane a:

- o Original Medicare *avèk* yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare separe,
- o Original Medicare *san* yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare separe (Si w chwazi opsyon sa a, Medicare ka enskri w nan yon plan pou medikaman, sof si w te chwazi pou yo pa enskri w otomatikman), oswa

- o Si w elijib, nan yon D-SNP entegre ki ba w benefis ak sèvis Medicare ou yo ak pifò oswa tout benefis ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan.

Si w fenk ale nan yon enstitisyon oswa aktyèlman w ap viv nan yon enstitisyon (tankou yon etablisman swen espesyalize oswa swen lopital alontèm), ou ka chanje kouvèti Medicare ou genyen an **nepòt lè**. Ou ka chanje ale nan nepòt lòt plan sante Medicare (avèk oswa san kouvèti medikaman Medicare) oswa chanje al nan Original Medicare (avèk oswa san yon plan medikaman Medicare separe) nepòt lè. Si w fèk soti nan yon enstitisyon, ou gen yon opòtinite pou chanje plan oswa chanje al nan Original Medicare pandan de (2) mwa ann antye aprè mwa ou fin soti a.

## **SEKSYON 4 Jwenn Èd pou Peye pou Medikaman sou Preskripsyon**

Ou ka kalifye pou jwenn èd pou peye pou medikaman sou preskripsyon yo. Gen diferan kalite èd ki disponib:

- **Extra Help nan Medicare.** Moun ki gen revni limite ka kalifye pou Extra Help pou peye pou depans pou medikaman sou preskripsyon yo. Si w kalifye, Medicare ta ka peye jiska 75% oswa plis pou frè medikaman ou yo, ladan prim mansyèl plan medikaman yo, franchiz anyèl yo ak ko-asirans. Epitou, moun ki kalifye pa p gen yon penalite pou enskripsyon an reta. Pou gade si ou kalifye, rele:
  - o 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo kapab rele 1-877-486-2048, 24 sou 24, 7 jou sou 7;

- Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213 ant 8 a.m. ak 7 p.m., lendi rive vandredi pou yon reprezantan. Mesaj otomatik disponib 24 sou 24. Itilizatè TTY yo kapab rele 1-800-325-0778.
- Biwo Medicaid Eta Ou ye a.
- **Èd nan pwogram asistans famasetik eta (SPAP) ou a.** New York gen yon pwogram ki rele EPIC (Elderly Pharmaceutical Insurance Coverage) ki ede moun peye pou medikaman sou preskripsyon yo sou baz bezwen finansye yo, laj yo oswa kondisyon medikal yo. Pou aprann plis konsènan pwogram lan, verifye ak State Health Insurance Assistance Program (SHIP) ou a. Pou jwenn nimewo telefòn pou eta w la, ale sou [shiphelp.org](http://shiphelp.org), oswa rele 1-800-MEDICARE.
- **Asistans Pataj frè Preskripsyon pou Moun ki gen VIH/SIDA.** Pwogram Asistans Medikaman SIDA la (AIDS Drug Assistance Program, ADAP) ede pou asire moun ki elijib nan ADAP k ap viv ak maladi VIH/SIDA jwenn aksè ak medikaman VIH ki ka sove lavi yo. Pou elijib pou ADAP k ap fonksyone nan eta w la, ou dwe respekte kèk kritè, tankou prèzidans eta a ak estati VIH, revni fèb jan eta a defini sa, ak estati moun ki pa asire/pa gen asirans. Medikaman sou preskripsyon Medicare Part D ADAP kouvri tou yo kalifye pou asistans atravè New York State Uninsured Care Program (ADAP). Pou enfòmasyon sou kritè elijibilite, medikaman ki kouvri, fason pou enskri nan pwogram lan oswa si kounyeya ou enskri kijan pou w kontinye jwenn èd, rele (800) 542-2437 or (844) 685-4058. Asire w, lè w rele, pou enfòmasyon yo sou non plan oswa nimewo polis Medicare Part D ou genyen an.
- **Plan Pèman pou Preskripsyon Medicare la.** Medicare Prescription Payment Plan lan se yon opsyon pèman ki fonksyone ansanm avèk

kouvèti medikaman aktyèl ou a pou ede ou jere depans ki sot nan pòch ou yo pou medikaman plan nou an kouvri, pou fè sa li divize yo sou tout ane sivil la (Janvyè - Desanm). Nenpòt moun ki gen yon plan medikaman Medicare oswa yon plan sante Medicare avèk kouvèti medikaman (tankou yon plan Medicare Advantage avèk kouvèti medikaman) ka sèvi avèk opsyon pèman sa a. **Opsyon pèman sa a ka ede w jere depans ou yo, men li pa ede w sere lajan oswa diminye frè medikaman w yo.**

- Extra Help nan Medicare ak èd ki soti nan SPAP ak ADAP ou yo, pou moun ki kalifye, plis nan avantaj ou pase patisipasyon nan Medicare Prescription Payment Plan la. Tout manm yo elijib pou patisipe nan Medicare Prescription Payment Plan lan, kèlkeswa nivo revni yo. Pou aprann plis sou opsyon pèman sa a, rele nou nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711) oswa ale sou [www.Medicare.gov](http://www.Medicare.gov).

## **SEKSYON 5 Èske ou gen kesyon?**

---

### **Seksyon 5.1 Jwenn Èd nan Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP)**

- **Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440. (Itilizatè TTY yo, rele 711.)**

Nou disponib pou apèl nan telefòn Orè yo se 1ye Oktòb - 31 Mas, 8 a.m. rive 8 p.m. lè lokal, 7 jou pa semèn. Soti 1ye avril - 30 septanm, lendi - vandredi, 8 a.m. rive 8 p.m. lè lokal.. Apèl sou nimewo sa yo gratis.

- **Li 2026 Prèw sou Kouvèti w la**

Avi Anyèl pou Chanjman sa a ba w yon rezime sou chanjman nan avantaj ou yo ak pri pou 2026. Pou jwenn detay, gade nan 2026 *Prèw sou Kouvèti* a pou Senior Whole Health of New York NHC (HMO D-SNP). *Prèw Kouvèti* a se deskripsyon legal, detaye pou avantaj plan w lan. Li eksplike dwa w ak règ ou dwe suiv pou w jwenn sèvis ak medikaman sou preskripsyon ki kouvri yo. Jwenn *Prèw sou Kouvèti* a sou sit nou an sou [SWHNY.com](http://SWHNY.com) oswa rele Rele Sèvis Manm yo nan (833) 671-0440 (itilizatè TTY yo rele 711) pou mande n voye yon kopi pou ou pa lapòs.

- **Ale sou [SWHNY.com](http://SWHNY.com)**

Sit nou an gen enfòmasyon ki ajou sou rezo founisè swen sante nou yo (*Anyè Founisè Swen Sante/Anyè Famasi*) ak *Lis Medikaman ki Kouvri yo (fòmilè/Lis Medikaman) nou yo*.

## **Seksyon 5.2 Jwenn Sesyon Konsèy Gratis sou Medicare**

Pwogram Asistans Asirans Sante Eta a (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) se yon pwogram gouvènman an ki endepandan ki genyen konseye ki fòme nan chak eta. Nan New York, yo rele SHIP la New York State Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program (HICAP).

Rele New York State Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program (HICAP) pou jwenn konsèy pèsonalize sou asirans sante. Yo ka ede w konprann chwa plan Medicare ak Medicaid ou yo epi reponn kesyon sou chanjman plan. Rele New York State Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program (HICAP) nan (800)

701-0501. Aprann plis sou New York State Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program (HICAP) pou fè sa ale sou (<https://aging.ny.gov/health-insurance-information-counseling-and-assistance-program-hiicap>).

### **Seksyon 5.3 Jwenn Èd nan Medicare**

- **Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**

Ou kapab rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou 24, 7 jou sou 7. Itilizatè TTY yo kapab rele 1-877-486-2048.

- **Pale sou tchat andirèk avèk [www.Medicare.gov](http://www.Medicare.gov)**

Ou kapab pale sou tchat andirèk sou [www.Medicare.gov/talk-to-someone](http://www.Medicare.gov/talk-to-someone)

- **Ekri bay Medicare**

Ou kapab ekri bay Medicare nan PO Box 1270, Lawrence, KS 66044

- **Ale sou [www.Medicare.gov](http://www.Medicare.gov)**

Sit ofisyèl Medicare la gen enfòmasyon konsènan pri, kouvèti, ak evalyasyon bon kalite ak Etwal pou ede w konpare plan sante Medicare yo nan zòn ou an.

- **Li *Medicare & Ou Menm 2026***

Chak otòn, yo voye bwochi *Medicare & Ou Menm 2026* lan pa lapòs bay moun ki gen Medicare. Li gen yon rezime avantaj Medicare yo, dwa ak

pwoteksyon yo, ansanm ak repons pou kesyon moun poze souvan yo konsènan Medicare. Jwenn yon kopi sou [www.Medicare.gov](http://www.Medicare.gov) oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo kapab rele 1-877-486-2048.

## Seksyon 5.4 Jwenn Èd nan Medicaid

Pwogram New York State Medicaid nan (800) 541-2831 lendi jiska vandredi 8 a.m. jiska 8 p.m., samdi 9 a.m. jiska 1 p.m. Itilizatè TTY yo 711 pou èd avèk kesyon sou enskripsyon Medicaid oswa benefis. Ou ka ekri Depatman Sèvis Sosyal lokal ou a (Local Department of Social Services, LDSS). Jwenn adrès LDSS ou a isi a: [https://www.health.ny.gov/health\\_care/medicaid/](https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/)

### Pwogram Medicaid New York State

**EKRI:** Human Resources Administration  
505 Claremont Avenue, 7th Floor  
New York, NY 11238

**RELE:** (800) 541-2831

**SIT ENTÈNÈT:** [https://www.health.ny.gov/health\\_care/medicaid/](https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/)

### Nassau County Department of Social Services

**EKRI:** Nassau County DSS  
60 Charles Lindbergh Blvd.  
Uniondale, NY 11553-3656

**RELE:** (516) 227-7474

**Nassau County Department of Social Services****SIT ENTÈNÈT:** <https://www.nassaucountyny.gov/agencies/dss/medicaid/index.html>**Depatman Sèvis Sosyal nan Konte Westchester****EKRI:** White Plains District Office  
85 Court Street  
White Plains, NY 10601-4201**RELE:** (914) 995-3333**SIT ENTÈNÈT:** <http://socialservices.westchestergov.com/about-us/dss-district-offices>

## **Enfòmasyon Adisyonèl Enpòtan sou Swen Sante ak Resous pou Manm yo**

- **Avi Elektwonik (ELN) - Fason pou Jwenn Dokiman Enpòtan**
- **Avi sou Non-Diskriminasyon (NDN) - Seksyon 1557**
- **Avi sou Disponibilite (NOA) - Sèvis Asistans Lengwistik**
- **Avi sou Pratik Konfidansyalite(NPP)**

## Fason pou w Jwenn Dokiman Enpòtan Plan an



Ou enpòtan pou nou! Nou fè l fasil pou ou pou w jwenn enfòmasyon ou bezwen. Ale anliy pou w wè dokiman enpòtan nan plan an epi jwenn yon founisè ki nan rezo a oswa yon famasi ki nan rezo a. Ou ka chèche tou medikaman sou preskripsyon w yo, nenpòt lè, nenpòt kote, sou nenpòt aparèy. Dokiman plan w yo, tankou Prèw sou Kouvèti w la, Fòmilè, ak Anyè Founisè Swen Sante/Anyè Famasi a ap disponib anliy apati 15 Oktòb, .

### Aprann konnen dokiman yo nan plan w lan

- **Prèw Kouvèti (Evidence of Coverage, EOC):** Yon gid sou sa ki kouvri nan plan w lan. Li gen detay konsènan avantaj ak kouvèti plan w lan, dwa manm yo, ak plis ankò.
- **Fòmilè (Lis Medikaman):** Yon lis medikaman ki kouvri yo nan plan w lan yo.
- **Anyè Founisè/Anyè Famasi:** Yon lis rezo doktè, espesyalis, ak famasi ak nimewo telefòn ak adrès. Ou ka jwenn yon founisè ki nan rezo a: oswa yon famasi ki nan rezo a lè w ale nan anyè anliy nou an nan [MolinaHealthcare.com/ProviderSearch](https://MolinaHealthcare.com/ProviderSearch).
- **Avi Konfidansyalite:** Avi sa a dekri kijan yo kapab itilize epi pataje enfòmasyon medikal ou yo epi fason ou kapab gen aksè nan enfòmasyon sa yo. W ap jwenn ni sou sit entènèt nou an nan [MolinaHealthcare.com/members/ny/en-us/mem/hipaa/home](https://MolinaHealthcare.com/members/ny/en-us/mem/hipaa/home).

### Fason pou w wè oswa mande yon kopi dokiman ki nan plan an



#### **Sou entènèt la nan [MolinaHealthcare.com/Medicare](https://MolinaHealthcare.com/Medicare)**

Gade oswa telechaje yon kopi nan dokiman ki nan plan w lan nenpòt lè, nenpòt kote. Itilize nenpòt aparèy, tankou òdinatè, tablèt, oswa telefòn pòtab ou. Dokiman w yo nan plan ap disponib anliy apati 15 Oktòb, .



### **Sou entènèt la nan [MyMolina.com](https://www.mymolina.com).**

Vizite pòtay sèvis lib manm nou an pou wè dokiman ki nan plan w lan anliy 24/7, oswa pou jwenn yon founisè oswa famasi ki nan rezo a. Konekte w sou Pòtay pou Manm My Molina w la oswa kreye yon kont nan [MyMolina.com](https://www.mymolina.com). Klike sou “Create an Account” epi suiv enstriksyon etap pa etap yo pou enskri.



### **Rele gratis**

Fè nou konnen si w pa genyen aksè ak òdinatè oswa si w prefere genyen yon kopi enprime nan EOC a, Fòmilè, oswa Anyè Founisè Swen Sante/Anyè Famasi a pa lapòs. Pou mande yon kopi dokiman plan an, rele Sèvis Manm yo gratis nan **nimewo ki nan do kat idantifikasyon w lan, Lendi - Vandredi, 8 a.m. rive 8 p.m., lè lokal.**

### **Nou la pou ede**

Si w gen kesyon sou avantaj ou yo oswa si w bezwen èd pou jwenn yon founisè ki nan rezo a oswa yon famai ki nan rezo a, rele Sèvis Manm yo gratis **nan nimewo ki nan do kat idantifikasyon w lan.**

**Avi Kont-Diskriminasyon**  
**Sesyon 1557**  
**Molina Healthcare - Medicare**



Senior Whole Health of New York konfòm ak lwa Federal sou dwa sivil ki aplikab yo e li pa fè diskriminasyon sou baz laj, koulè, andikap, orijin nasyonal (sa gen ladann konesans limite nan Anglè), ras, oswa sèks (konfòm ak kesyon diskriminasyon sou sèks ki dekri nan § 92.101[a]).

Pou ede w byen kominike ak nou, Senior Whole Health of New York bay sèvis gratis epi a lè:

- Senior Whole Health of New York bay modifikasyon ki rezonab ak èd ki apwopriye ak sèvis pou moun ki gen andikap. Ladan yo gen: (1) Entèprèt kalifye. (2) Enfòmasyon nan lòt fòm, tankou gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, Bray.
- Senior Whole Health of New York bay sèvis lang ak moun ki pale lòt lang oswa ki gen konpetans limite nan Anglè. Ladan yo gen: (1) Entèprèt oral kalifye. (2) Enfòmasyon ki tradui nan lang ou.

Si w bezwen sèvis sa yo, kontakte Sèvis Manm Molina bay nan 1-800-665-3086 oswa TTY/TDD: 711, Lendi jiska Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m. lè lokal.

Si w kwè nou te fè diskriminasyon sou baz laj, koulè, andikapm orijin nasyonal, ras, oswa sèks, ou ka ranpli yon doleyans. Ou ka ranpli yon doleyans nan telefòn, pa lapòs, imèl, oswa anliy. Si w bezwen èd pou w ekri doleyans lan, n ap ede w. Ou ka jwenn pwosedi doleyans nou an lè w vizite sit entènèt nou an nan [MolinaHealthcare.com/Members/Common/en-US/Notice-of-Nondiscrimination.aspx](https://www.MolinaHealthcare.com/Members/Common/en-US/Notice-of-Nondiscrimination.aspx)

Rele Kowòdonatè Pwoteksyon Sivil nou an nan 1-866-606-3889, TTY/TDD:  
711 oswa soumèt doleyans ou bay:

Civil Rights Unit

200 Oceangate

Long Beach, CA 90802

**Imèl:** [Civil.Rights@MolinaHealthcare.com](mailto:Civil.Rights@MolinaHealthcare.com)

**Sit entènèt:** [MolinaHealthcare.Alertline.com](https://MolinaHealthcare.Alertline.com)

Ou ka ranpli yon plent pou sou dwa sivil (doleyans) nan Department of Health and Human Services Etazini an, Biwo Pwoteksyon Sivil, anliy atravè Pòtay Plent Biwo Pwoteksyon Sivil la nan: <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf> oswa pa lapòs oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services

200 Independence Avenue, SW

Room 509F, HHH Building

Washington, D.C. 20201

**Telefòn:** 1-800-368-1019

**TTY/TDD:** 800-537-7697

Fòm pou plent yo disponib la a: [HHS.gov/sites/default/files/ocr-cr-complaint-form-package.pdf](https://www.hhs.gov/sites/default/files/ocr-cr-complaint-form-package.pdf)

# AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

**AVI SA A DEKRI KI JAN YO KAPAB ITILIZE EPI PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO EPI FASON OU KAPAB GEN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI, PRAN SAN W POU LI AVI A.**

Avi sa a dekri pratik konfidansyalite plan sante ki afilye ak Molina Healthcare (ke nou endike nan dokiman sila a kòm “**Molina**”, “**nou**” oswa “**nou an**”). Nou itilize ak pataje enfòmasyon sou sante ki pwoteje (“**PHI**”) ki konsène ou menm pou ba w avantaj sante w yo antanke yon manm Molina. Nou itilize epi pataje PHI ou pou fè tretman, pèman ak aktivite swen sante. Nou itilize tou epi pataje PHI ou pou lòt rezon jan lalwa pèmèt epi egzije sa. Nou gen devwa pou kenbe enfòmasyon sou sante w yo prive epi suiv tèm ki nan Avi sa a. Dat Avi sa a antre an fonksyon se premye janvye 2026.

PHI se enfòmasyon sou sante ki gen ladann non w, nimewo manm ou oswa lòt bagay ki pèmèt yo idantifye w, e ke nou itilize oswa pataje. PHI gen ladan l enfòmasyon sou sante konsènan twoub nan itilizasyon sibstans ak enfòmasyon byometrik (tankou anprent vokal).

## **Poukisa nou itilize oswa pataje PHI ou yo?**

Nou itilize oswa pataje PHI ou yo pou ba w avantaj swen sante. Yo itilize oswa pataje PHI ou yo tou pou tretman, pèman, ak aktivite swen sante.

## **Pou Trètman**

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou ba ou, oswa pou fè aranjman pou swen medikal ou. Tretman sa a enkli referans ant doktè w yo oswa lòt founisè swen sante. Pa egzanp, nou kapab pataje enfòmasyon sou pwoblèm sante w avèk yon espesyalis. Sa ede espesyalis la pale konsènan tretman w avèk doktè w la.

## **Notice of Availability**

We offer free interpreter and translation services to help you understand your health or drug plan. This includes support from someone who speaks your language.

We also provide free aids and services—such as sign language interpreters and written materials in alternative formats—to ensure everyone can access the information they need. To request these services, please call Member Services at the number listed on your Member ID card.

### **English**

**ATTENTION:** If you speak English, free language assistance services are available to you. Appropriate auxiliary aids and services to provide information in accessible formats are also available free of charge. Call the Member Services number on the back of your ID card or speak to your provider.

### **Spanish**

**ATENCIÓN:** Si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos para asistirle en su idioma. También dispone de ayudas y servicios auxiliares gratuitos para proporcionar información en formatos accesibles. Llame al número del Departamento de Servicios para Miembros que figura en el reverso de su tarjeta de identificación o hable con su proveedor.

## **Simplified Chinese**

注意：如果您说中文，我们将免费为您提供语言协助服务。我们还免费提供适当的辅助工具和服务，以无障碍格式提供信息。致电 ID 卡背面的客户服务号码或咨询您的服务提供商。

## **Traditional Chinese**

注意：如果您說台語，我們可以為您提供免費語言協助服務。也可以免費提供適當的輔助工具與服務，以無障礙格式提供資訊。請撥打您 ID 卡背面的會員服務部電話號碼或諮詢您的服務提供者。

## **Russian**

**ВНИМАНИЕ!** Если вы говорите на русском, вам доступны бесплатные услуги языковой поддержки.

Соответствующие вспомогательные средства и услуги по предоставлению информации в доступных форматах также бесплатны. Позвоните по номеру службы поддержки клиентов, указанному на обратной стороне вашей идентификационной карты, или обратитесь к своему поставщику услуг.

## **Haitian Creole**

ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd aladispozisyon w gratis pou lang ou pale a. Èd ak sèvis siplemantè apwopriye pou bay enfòmasyon nan fòma aksesib yo disponib gratis tou. Rele nimewo Sèvis Manm ki sou do kat ID ou a oswa pale ak pwofesyonèl swen sante ou a.

## **Korean**

주의:한국어를 사용하시는 경우 무료 언어 지원 서비스를 이용하실 수 있습니다. 이용 가능한 형식으로 정보를 제공하는 적절한 보조기구 및 서비스도 무료로 제공됩니다. ID 카드 뒷면에 있는 회원 서비스 번호로 전화하거나 서비스 제공업체에 문의하십시오.

## **Italian**

ATTENZIONE: Se parla italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Sono inoltre disponibili gratuitamente strumenti ausiliari e servizi adeguati per fornire informazioni in formati accessibili. Si prega di contattare il numero del Servizio per i membri riportato sul retro della propria tessera identificativa o di rivolgersi al proprio fornitore.

## Yiddish

אַכטונג: אויב איר רעדט יידיש, שפראך הילף סערוויסעס זענען בארעכטיגט פריי פאר דיר. פאַסיקע אידס און באַדינונגס פֿאַר צושטעלן אינפֿאַרמאַציע אין צוטריטלעך פֿאַרמאַטירונגען זענען אויך פריי בנימצא. רופט דעם מיטגליד באַדינען נומער אין קריק פֿון דיין ID קאַרטל אָדער רעדט מיט דיין צושטעלער.

## Bengali

মনোযোগ দিন: যদি আপনি বাংলা বলেন, তাহলে আপনার জন্য বিনামূল্যে ভাষা সহায়তা পরিষেবাদি উপলব্ধ রয়েছে। অ্যাক্সেসযোগ্য ফরম্যাটে তথ্য প্রদানের জন্য উপযুক্ত সহায়ক সহযোগিতা এবং পরিষেবাদিও বিনামূল্যে উপলব্ধ রয়েছে। আপনার আইডি কার্ডের পিছনে থাকা সদস্য পরিষেবা নম্বরে কল করুন অথবা আপনার প্রদানকারীর সাথে কথা বলুন।

## Polish

UWAGA: Osoby mówiące po polsku mogą skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej. Dodatkowe pomoce i usługi zapewniające informacje w dostępnych formatach są również dostępne bezpłatnie. Zadzwoń pod numer Działu Obsługi Klienta podany na odwrocie Twojej karty identyfikacyjnej lub porozmawiaj ze swoim dostawcą.

## Arabic

تنبيه: إذا كنت تتحدث العربية، فسوف تكون خدمات المساعدة اللغوية متاحة لك مجاناً. كما تتوفر أدوات مساعدة وخدمات إضافية مناسبة لتوفير المعلومات بصيغ يمكن الوصول إليها من دون أية تكلفة. اتصل بقسم خدمات الأعضاء على الرقم المدون على ظهر بطاقة هويتك أو تحدث إلى مقدم الخدمات.

## French

ATTENTION : Si vous parlez français, des services d'assistance linguistique gratuits sont à votre disposition. Des aides et services auxiliaires appropriés sont également mis à votre disposition gratuitement pour vous fournir les informations dans des formats accessibles. Appelez les Services aux adhérents au numéro figurant au dos de votre carte d'adhérent, ou adressez-vous à votre prestataire.

## Urdu

### اردو

توجہ فرمائیں: اگر آپ اردو بولتے ہیں، تو آپ کے لیے مفت لسانی خدمات دستیاب ہیں۔ قابل رسائی فارمیٹس میں معلومات فراہم کرنے کے لیے مناسب معاون امداد اور خدمات بھی مفت دستیاب ہیں۔ ممبر سروسز کو اپنے ID کارڈ کی پچھلی جانب موجود نمبر پر کال کریں یا اپنے فراہم کنندہ سے بات کریں۔

## **Tagalog**

PAUNAWA: Kung nagsasalita ka ng Tagalog, magagamit mo ang mga libreng serbisyo ng tulong sa wika. Magagamit din nang libre ang mga naaangkop na auxiliary na tulong at serbisyo upang magbigay ng impormasyon sa mga accessible na format. Tawagan ang numero ng Mga Serbisyo sa Miyembro sa likod ng ID card mo o makipag-usap sa iyong provider.

## **Greek**

ΠΡΟΣΟΧΗ: Εάν μιλάτε Ελληνικά, υπάρχουν διαθέσιμες δωρεάν υπηρεσίες υποστήριξης στη συγκεκριμένη γλώσσα. Διατίθενται δωρεάν κατάλληλα βοηθήματα και υπηρεσίες για παροχή πληροφοριών σε προσβάσιμες μορφές. Καλέστε τον αριθμό των υπηρεσιών Μέλους που βρίσκεται στο πίσω μέρος της κάρτας αναγνωριστικού σας ή απευθυνθείτε στον πάροχό σας.

## **Albanian**

VINI RE: Nëse flisni anglisht, shërbimet falas të ndihmës gjuhësore janë të disponueshme për ju. Gjithashtu, disponohen falas ndihma të përshtatshme dhe shërbime shtesë për të siguruar informacion në formate të aksesueshme. Telefononi Shërbimet ndaj Anëtarëve në numrin që ndodhet në pjesën e pasme të kartës suaj të identitetit ose flisni me ofruesin tuaj të shërbimit.

## **German**

HINWEIS: Wenn Sie Sprache einfügen sprechen, stehen Ihnen kostenlose Sprachassistenzenzienste zur Verfügung. Geeignete Hilfsmittel und Dienste für die Übermittlung von Informationen in zugänglicher Form sind ebenfalls kostenlos verfügbar. Rufen Sie die Nummer des Mitgliederservices auf der Rückseite Ihres Ausweises an oder sprechen Sie mit Ihrem Anbieter.

## **Pennsylvania Dutch**

GEB ACHT: Wann du Pennsylvanisch Deitsch schwetzsch, Schprooch Hilfe Services sin meeglich mitaus Koscht. Appropriate Auxiliary Aids un Services un Services Information zu gewwe in helfreiche Formats sin aa meeglich mitaus Koscht. Ruf die Member Services Nummer uff die Rickseit vun dei ID Kaart odder Schwetz mit dei Provider.

## **Vietnamese**

LƯU Ý: Nếu quý vị nói tiếng Việt, chúng tôi có sẵn các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí dành cho quý vị. Ngoài ra, chúng tôi còn có các dịch vụ và phương tiện hỗ trợ khác phù hợp, hoàn toàn miễn phí để cung cấp thông tin theo các định dạng dễ sử dụng. Vui lòng gọi đến số điện thoại của bộ phận Dịch vụ thành viên có trên mặt sau thẻ ID của quý vị để trao đổi với nhà cung cấp dịch vụ của quý vị.

## **Somali**

FIIRO GAAR AH: Haddii aad ku hadasho Soomaali, adeegyada caawimaada luuqada oo bilaash ah ayaad heli kartaa. Agabka kaalmaatiga oo sax ah iyo adeegyada xogta ku bixiya qaab la heli karo ayaa sidoo kale lagu heli karaa lacag la'aan. Wac lambarka Adeegyada Macaamiisha ee ku qoran dhabarka danbe ee kaarkaaga aqoonsiga ama la hadal dhakhtarkaaga.

## **Japanese**

注意：日本語を話される場合、無料の言語支援サービスをご利用いただけます。アクセス可能な形式で情報を提供するための適切な補助支援やサービスも無料でご利用いただけます。IDカードの裏面にある会員サービス番号に電話するか、プロバイダーにご相談ください。

## **Ukrainian**

УВАГА! Якщо ви розмовляєте українською мовою, вам доступні безкоштовні мовні послуги. Відповідні допоміжні засоби й послуги з надання інформації в доступних форматах також пропонуються безкоштовно. Зателефонуйте на номер служби підтримки учасників, указаний на звороті вашого посвідчення особи, або зверніться до свого постачальника послуг.

## Romanian

ATENȚIE: Dacă vorbiți română, aveți la dispoziție servicii gratuite de asistență lingvistică. Sunt disponibile gratuit ajutoare și servicii auxiliare adecvate pentru furnizarea informațiilor în formate accesibile. Contactați Serviciul pentru Membri la numărul de telefon înscris pe verso-ul cardului de identificare sau adresați-vă furnizorului dumneavoastră.

## Amharic

ማስታወሻ፡ አማርኛ የምናገኛ ከሆነ፣ ነፃ የቋንቋ ድጋፍ አገልግሎቶች ለእርስዎ ይኖራል። እንዲሁም፣ በሚገኙ ቅርፀቶች መረጃ ለማቅረብ ተገቢ የመረጃ ድጋፎች እና አገልግሎቶች በነፃ ይኖራሉ። በID ካርድዎ ጀርባ ላይ በለው የአባላት አገልግሎቶች ቁጥር ይደውሉ ወይም አቅራቢዎን ያነጋግሩ።

## Thai

หมายเหตุ: หากคุณใช้ภาษาไทย  
เรามีบริการความช่วยเหลือด้านภาษาฟรี นอกจากนี้  
ยังมีเครื่องมือและบริการช่วยเหลือเพื่อให้ข้อมูลในรูปแบบที่เข้าถึงได้โดยไม่  
เสียค่าใช้จ่าย โปรดติดต่อหมายเลข  
ฝ่ายบริการสมาชิกที่ระบุไว้ด้านหลังบัตรประจำตัวของคุณหรือพูดคุยกับผู้  
ให้บริการของคุณ

## Persian

توجه: اگر به زبان فارسی صحبت می‌کنید، خدمات کمک زبانی به صورت رایگان در دسترس شماست. همچنین، خدمات و کمک‌های لازم برای ارائه اطلاعات به صورت‌های مختلف و قابل دسترسی، به صورت رایگان در اختیار شما قرار می‌گیرد. با شماره خدمات اعضا که پشت کارت شناسایی شما درج شده تماس بگیرید یا با ارائه‌دهنده خود صحبت کنید.

## Samoan

FAAMATALAGA: Afai e te tautala faa-Samoa, o loo i ai gagana fesoasoani i gagana e Le totogia mo oe. Fesoasoani fa'aopopo talafeagai ma auaunaga ina ia tuuina atu ai faamatalaga e maua i limits e faigofie ona maua o loo maua foi e le totogia. Vala'au le Auaunaga a Sui Auai i le numera o i taua o lau ID card pe talanoa i lauvrautua.

## Ilocano

PAKAAMMO: No agsasaoka iti Ilocano, magun-odam dagiti libre a serbisio ti tulong iti pagsasao. Libre met laeng a magun-odan dagiti maitutop a katulongan ken serbisio a mangipaay iti impormasion kadagiti format a nalaka a ma-access. Tawagam ti numero ti Serbisio para Kadagiti Miembro iti likudan ti ID card-mo wenno makisaritaka iti provider-mo.

## **Gujarati**

ધ્યાન આપો: જો તમે ગુજરાતી બોલતા હો તો મફત ભાષાકીય સહાયતા સેવાઓ તમારા માટે ઉપલબ્ધ છે. યોગ્ય ઓફિસલરી સહાય અને એક્સેસિબલ ફોર્મેટમાં માહિતી પૂરી પાડવા માટેની સેવાઓ પણ વિના મૂલ્યે ઉપલબ્ધ છે. તમારા ID કાર્ડની પાછળ આપેલા સભ્ય સેવાઓ નંબર પર કોલ કરો અથવા તમારા પ્રદાતા સાથે વાત કરો.

## **Portuguese**

ATENÇÃO: se fala português, tem à sua disposição serviços de assistência linguística gratuitos. Também estão disponíveis, de forma gratuita, ajudas e serviços auxiliares apropriados para fornecer informações em formatos acessíveis. Ligue para o número dos Serviços de apoio aos membros que se encontra no verso do seu cartão de identificação ou fale com o seu prestador de serviços de saúde.

## **Hindi**

ध्यान दें: यदि आप हिंदी बोलते हैं, तो आपके लिए निःशुल्क भाषा सहायता सेवाएं उपलब्ध होती हैं। सुलभ प्रारूपों में जानकारी प्रदान करने के लिए उपयुक्त सहायक साधन और सेवाएँ भी निःशुल्क उपलब्ध हैं। अपने ID कार्ड के पीछे दिए गए सदस्य सेवा नंबर पर कॉल करें या अपने प्रदाता से बात करें।



## **Swahili**

**KUMBUKA:** Ikiwa wewe huzungumza Kiswahili, msaada na huduma za lugha bila malipo unapatikana kwako. Vifaa vya usaidizi vinavyofaa na huduma bila malipo ili kutoa taarifa katika mifumo inayofikiwa zinapatikana pia bila malipo. Piga simu kwa nambari ya Huduma za Wanachama iliyo nyuma ya kadi yako ya kitambulisho au zungumza na mtoa huduma wako.

## **Serbian**

**PAŽNJA:** Ukoliko govorite Srpski, dostupne su vam besplatne usluge jezičke podrške. Dostupne su vam i besplatne odgovarajuće pomoći i usluge za pružanje informacija u formatima za lak pristup. Pozovite broj za usluge za članove koji se nalazi na poledini vaše ID kartice ili se obratite pružaocu usluge.

## **Croatian**

**PAŽNJA:** Ako pričate Hrvatski, na raspolaganju su vam besplatne usluge pomoći za jezik. Odgovarajuća pomoćna sredstva i usluge za pružanje informacija u pristupačnim formatima također su dostupne besplatno. Nazovite broj Službe za članove na poledini vaše osobne iskaznice ili razgovarajte sa svojim pružateljem usluga.

## Nepali

सावधान: तपाईं नेपाली भाषा बोल्नुहुन्छ भने तपाईंका लागि निःशुल्क भाषिक सहायता सेवाहरू उपलब्ध छन्। पहुँचयोग्य ढाँचाहरूमा जानकारी प्रदान गर्न उपयुक्त सहायता र सेवाहरू पनि निःशुल्क उपलब्ध छन्। ID कार्डको पछाडिपट्टि लेखिएको Member Services नम्बरमा फोन गर्नुहोस्, नभए डाक्टरसँग कुरा गर्नुहोस्।

## Yoruba

ÀKÍYÈSÍ: Bí o bá n sọ èdè Yorùbá, àwọn isẹ̀ irànlọ̀wọ̀ èdè ọ̀fẹ́ wà fún ọ. Àwọn ohun èlò irànlọ̀wọ̀ àti àwọn isẹ̀ tó yẹ láti pèsè àlàyé ní àwọn ọ̀nà tó rọ̀rùn ló wà lófẹ́. Pe nọmbà Àwọn isẹ̀ Ọmọ ẹgbẹ́ tó wà ní ẹ̀yìn káàdì ìdánimọ̀ rẹ̀ tàbí bá olùpèsè rẹ̀ sọ̀rò.

## Tamil

கவனிக்கவும்: நீங்கள் தமிழ் பேசுபவர் என்றால், உங்களுக்கு இலவச மொழி உதவிச் சேவைகள் கிடைக்கும். அணுகல் வசதிக் கேற்ற வடிவங்களில் தகவலை வழங்குவதற்கான தகுந்த, கூடுதல் உதவி அம்சங்களும் சேவைகளும் கூட கட்டணமின்றிக் கிடைக்கும். உங்கள் வழங்குநரிடம் பேச, உங்கள் ஐடி கார்டின் பின்பக்கமுள்ள உறுப்பினர் சேவை மைய எண்ணை அழைக்கவும்.

## **Navajo**

SHOOH: Diné bizaad yiníłti', t'áá jiił'ehgo saad bee áká'ánída'awo'ígíí t'áá hadoohkáát nihá kée' hóló. T'áá ajikii íiyisí át'éego nihá át'éego bee haz'ánígíí dóó t'áá ádáhodoonígíí biniiyé t'áá jíik'eh nihá kée' hóló Member Services béesh bee hane'í bikáá' dah naaznil doo ID card ni' dooleet ná'ádoolwołígíí bikáá' nihá át'é.

## **Shoshone**

NENKAHI: Uuiss en taikw Sosohni, yu yowk taikwa tuwahntsawaiyn mahhpittsiyahnkuuk en. To kwain tuwahntsawaiyn tes tuwahntsawaiyn uut uutinantuinkehn uukuup tsa taw natehpop suwait mampittsiyankunk yuyowk nai nimeht. Nimai suun suhmah tuwahntsawaiyn tetehtsep piinak tehpop en nuwaiyn en taikw uhmah natsu tainepeh tes waipeh.

## **Choctaw**

KULLÓSHI: Chi Chahta anumpa ish anumpuli hosh, aiittola towa la hosh chi chiahullo li. Himona, achukma ut ish anumpuli hinla ia, il im anumpuli holisso kapvchi shulush isht ia, towa la hosh chi. Chi ID holisso okpulo bok aiittola na isht ia hosh pisa, il chi isht ia isht iachi pisa.



## **Pou Pèman**

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou pran desizyon sou pèman. Se kapab reklamasyon, apwobasyon pou tretman, ak desizyon sou bezwen medikal. Yo kapab ekri non w, pwoblèm ou an, tretman w lan, ak founiti yo bay yo sou bòdwo a. Pa egzanp, nou kapab fè yon doktè konnen ou gen avantaj nou yo. Epitou, n ap fè doktè a konnen montan bòdwo n ap peye.

## **Pou Aktivite Swen Sante**

Nou ka itilize oswa pataje PHI ou yo pou jere plan sante nou an (yo). Pa egzanp, nou kapab itilize enfòmasyon ki nan reklamasyon w lan pou fè w konnen yon pwogram sante ki kapab ede w. Epitou, nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou rezoud pwoblèm ou yo. PHI ou ka sèvi tou pou wè si yo byen peye reklamasyon yo.

Aktivite swen sante enplike plizyè bezwen founisèjounalye. Li gen ladann, men se pa sa sèlman, sa ki annapre yo:

- Amelyore kalite;
- Aksyon nan pwogram sante yo pou ede Manm yo ak kèk kondisyon (tankou asmatik);
- Kondui oswa fè aranjman pou verifikasyon medikal;
- Sèvis legal, sa gen ladann fwod ak dekouvri abi ansanm ak pwogram pousuit jidisyè;
- Aksyon pou ede nou obeyi lwa yo;
- Konble bezwen manm nan, ki gen ladann rezoud plent ak doleyans.

N ap pataje PHI ou ak lòt konpayi (“**patnè biznis**”) k ap reyalize diferan aktivite pou plan sante nou an (yo). Nou ka itilize tou PHI ou pou ba w rapèl konsènan randevou w genyen. Nou kapab itilize PHI ou yo pou ba

w enfòmasyon sou lòt tretman, oswa sou lòt avantaj ak sèvis ki gen rapò ak sante yo.

## **Kilè nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo san nou pa jwenn otorizasyon (apwobasyon) alekri nan men w?**

Anplis tretman, pèman ak aktivite swen sante yo, lalwa pèmèt oswa egzije pou Molina itilize epi pataje PHI ou yo pou plizyè lòt rezon ki gen bagay ki vin apre yo ladan:

### **Egzije pa lalwa**

N ap itilize oswa pataje enfòmasyon sou ou jan lalwa egzije sa. N ap pataje PHI ou yo lè Sekretè Department of Health and Human Services (HHS) la mande sa. Sa kapab pou yon dosye tribinal, lòt verifikasyon legal, oswa lè sa nesesè pou fè respekte lalwa.

### **Sante Piblik**

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou aktivite sante piblik. Se kapab pou ede ajans sante piblik yo anpeche oswa kontwole yon maladi.

### **Sipèvizyon Swen Sante**

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo bak ajans gouvènmantral yo. Yo kapab bezwen PHI ou yo pou odit.

### **Rechèch**

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou kesyon rechèch nan kèk ka, tankou lè yon komite revizyon sou konfidansyalite oswa komite revizyon enstitisyonèl apwouve li,

### **Pwosedi Jidisyè oswa Administratif**

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou pwosedi jidisyè, tankou pou reponn yon òdonans tribinal.

## **Fòs Delòd**

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo bay lapolis nan objektif pou fè respekte lalwa, tankou pou ede yo jwenn yon sispèk, yon temwen oswa yon moun ki disparèt.

## **Sante ak Sekirite**

Nou kapab pataje PHI ou yo pou anpeche yon menas grav e pwòch pou sante oswa sekirite yon moun oswa piblik.

## **Fonksyon Gouvènman**

Nou kapab pataje PHI ou yo bay gouvènman an pou fonksyon espesyal. Kòm egzanp, pou pwoteje Prezidan an.

## **Viktims Abi, Neglijans oswa Vyolans Domestik**

Nou kapab pataje PHI ou yo bay otorite legal yo si nou kwè yon moun viktim abi oswa neglijans.

## **Konpansasyon Travayè**

Nou kapab itilize oswa pataje PHI ou yo pou obeyi lwa sou Konpansasyon Travayè yo.

## **Lòt Divilgasyon**

Nou kapab pataje PHI ou yo ak direktè ponp finèb yo oswa medsen lejis yo pou ede yo fè travay yo.

## **Restriksyon Adisyonèl sou Itilizasyon ak Divilgasyon.**

Sèten lwa federal ak lwa leta ka egzije pwoteksyon espesyal sou konfidansyalite ki limite itilizasyon ak divilgasyon sèten tip enfòmasyon sou sante. Lwa sa yo ka pwoteje tip enfòmasyon sa yo: twoub itilizasyon alkòl ak sibstans, enfòmasyon byometrik, abi oswa neglijans timoun oswa granmoun, ki gen ladann agresyon seksyèl, maladi transmisib, enfòmasyon jenetik, VIH/SIDA, sante mantal, enfòmasyon sou minè, preskripsyon, sante repwodiktif, ak maladi seksyèl transmisib. Nou pral aplike lwa ki pi estrik la, lè sa aplikab pou nou.

## **Enfòmasyon sou Twoub Itilizasyon Sibstans (SUD).**

Byenke nou pa yon pwogram tretman pou twoub itilizasyon sibstans selon lalwa federal (yon “Pwogram SUD”), nou ka resevwa enfòmasyon ki soti nan yon Pwogram SUD ki konsène w. Nou pa gen dwa divilge enfòmasyon SUD pou yo itilize yo nan aksyon sivil, kriminèl, administratif, oswa lejislatif kont ou menm amwenske nou gen (i) konsantman alekri w, oswa (ii) yon lòd tribinal ki akonpaye ak yon lòd konparisyon oswa lòt egzijans jiridik ki mande divilgasyon ke yo soumèt apre nou menm avè w te resevwa yon avi e te gen yon opòtinite pou yo tandè n.

## **Kilè nou bezwen otorizasyon (apwobasyon) alekri pou itilize oswa pataje PHI ou?**

Molina bezwen apwobasyon alekri w pou itilize oswa pataje PHI ou yo pou yon objektif ki pa sa ki site nan Avi sa a. Nou bezwen otorizasyon w anvan nou divilge PHI ou yo pou sa ki annapre yo: (1) plis itilize epi pibliye nòt sikoterapi; (2) itilize epi pibliye pou objektif maketing; epi (3) itilize epi pibliye kote ki mande pou vann PHI. Ou ka anile yon otorizasyon alekri ke ou te ban nou. Anilasyon w pap aplikab pou aksyon nou deja poze akòz ou te deja ban nou apwobasyon w.

## **Ki dwa ou genyen nan kesyon enfòmasyon sou sante?**

Ou gen dwa pou:

- **Mande Restriksyon sou Itilizasyon oswa Piblikasyon PHI (Pataje PHI Ou)**

Ou ka mande nou pa pataje PHI ou pou bay trètman, fè pèman oswa aktivite swen sante. Epitou, ou kapab mande nou pa pataje PHI ou yo avèk fanmi, zanmi oswa lòt moun ou nonmen epi ki patisipe nan swen sante ou. Sepandan, nou pa gen obligasyon pou aksepte demann ou an. W ap bezwen fè demann ou ak alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an.

- **Mande Kominikasyon Konfidansyèl sou PHI**

Ou ka mande Molina pou ba ou PHI ou yon sèten fason oswa nan yon kote espesifik pou ede kenbe PHI ou konfidansyèl. N ap suiv demann rezonab yo, si w di nou ki fason lè nou pataje tout oswa yon pati nan PHI sa a, sa kapab mete lavi w an danje a. W ap bezwen fè demann ou ak alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an.

- **Revize epi Kopye PHI Ou**

Ou gen dwa pou w revize epi gen yon kopi nan PHI ou ke nou kenbe. Sa ka gen ladann dosye yo te itilize pou detèmine kouvèti, fè reklamasyon epi pou pran lòt desizyon sou ou antanke yon manm. W ap bezwen fè demann ou ak alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an. Nou ka chaje w yon frè ki rezonab pou kopi dosye yo epi voye yo pa lapòs. Nan kèk ka, nou ka rejte demann nan. *Nòt Enpòtan: Nou pa gen kopi konplè dosye medikal ou yo. Si w vle gade, jwenn yon kopi oswa chanje dosye medikal ou yo, tanpri, kontakte doktè oswa klinik ou a.*

- **Modifye PHI Ou a**

Ou ka mande pou nou modifye (chanje) PHI ou a. Sa enplike sèlman dosye nou kenbe sou ou antanke yon Manm. W ap bezwen fè demann ou ak alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an. Ou kapab depoze yon lèt ki pa dakò avèk nou si nou refize demann lan.

- **Resevwa yon Rapò sou Piblikasyon PHI (Pataje PHI ou a)**

Ou ka mande nou pou nou ba ou yon lis ki gen avèk yo kèk pati nou te pataje PHI ou yo , pandan sis lane anvan dat demann ou an. Lis la p ap gen ladan PHI ki pataje fason ki vin apre a:

- pou tretman, pèman oswa aktivite swen sante;
- bay moun konsènan pwòp PHI pa yo;
- pataj ki te fèt ak otorizasyon w;

- ensidan nan itilizasyon oswa piblikasyon ki te fèt oswa egzije nan kad lwa ki aplikab;
- PHI ki te bay nan enterè sekirite nasyonal oswa nan objektif ransèyman; oswa
- kòm moso nan done limite ann akò ak lwa ki aplikab.

N ap fè w peye yon frè rezonab pou chak lis, si w mande lis sa a plis pase yon fwa nan yon peryòd 12 mwa. W ap bezwen fè demann ou ak alekri. Ou kapab itilize fòm nou an pou fè demann ou an.

Ou ka fè nenpòt nan demann ki pi wo a, oswa ou ka gen yon kopi papyè nan Avi sa a. Tanpri rele depatman Sèvis Manm yo nan nimewo telefòn gratis la ki sou do kat idantifikasyon w lan, 7 jou pa semèn, soti 8 a.m. rive 8 p.m., lè lokal. Itilizatè TTY/ TDD yo, tanpri rele 711.

### **Kisa w kapab fè si dwa w yo pa pwoteje?**

Ou kapab pote plent bay Molina epi bay Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services) si w kwè yo te vyole dwa sou konfidansyalite w yo. Nou pap poze okenn aksyon kont ou poutèt ou pote yon plent. Swen ak avantaj ou yo p ap chanje nan okenn fason.

*Ou kapab depoze yon plent ban nou nan:*

Tanpri rele Sèvis Manm yo nan nimewo telefòn gratis la ki sou do kat idantifikasyon w lan, 7 jou pa semèn, soti 8 a.m. rive 8 p.m., lè lokal. Itilizatè TTY/ TDD yo, tanpri rele 711. Oswa ekri nou nan:

Molina Healthcare  
 Attn: Appeals and Grievances  
 P.O. Box 22816  
 Long Beach, CA 90801-9977

*Ou kapab depoze yon plent devan Sekretè Depatman Sèvis Sante ak Sosyal nan Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) nan:*

U.S. Department of Health & Human Services Office for Civil Rights  
200 Independence Ave., S.W. Suite 509F, HHH Building Washington, D.C.  
20201

(800) 368-1019; (800) 537-7697 (TDD); (202) 619-3818 (FAKS)

## **Ki responsabilite nou genyen?**

Nou gen obligasyon pou n:

- Kenbe PHI ou yo prive;
- Ba w enfòmasyon alekri tankou sa ki konsènan responsablite nou ak pratik konfidansyalite konsènan PHI ou yo;
- Ba w yon avi nan ka kote gen nenpòt vyolasyon nan PHI ou yo ki pa sekirize;
- Pa itilize oswa pibliye enfòmasyon jenetik ou nan objektif souskripsyon;
- Suiv tèm ki nan Avi sa a.

## **Avi sa a kapab Chanje**

**Nou rezève dwa pou n chanje pratik enfòmasyon l yo ak kondisyon ki nan Avi sa a nenpòt lè. Si nou fè sa, nouvo tèm ak pratik yo ap aplikab pou tout PHI nou kenbe. Si nou fè nenpòt chanjman enpòtan, nou pral afiche Avi ki modifye a sou sit entènèt nou an epi n ap voye Avi ki modifye a, oswa enfòmasyon sou chanjman enpòtan an ak fason pou jwenn Avi ki modifye a, nan pwochen kourye lapòs nou voye chak ane pou manm nou yo ke nou te kouvri yo. Avi sa a disponib sou sit entènèt nou an nan [MolinaHealthcare.com](https://www.molinahealthcare.com).**

## **Enfòmasyon pou kontakte**

Si w gen nenpòt kesyon sou Avi sa a, tanpri kontakte nou.

Rele depatman Sèvis Manm nou yo nan nimewo telefòn gratis la ki sou do kat idantifikasyon w lan; 7 jou pa semèn, soti 8 a.m. rive 8 p.m., lè lokal.

Itilizatè TTY/ TDD yo, tanpri rele 711. Oswa ekri Molina Member Services, 200 Oceangate, Suite 100, Long Beach, CA 90802.

Ou ka jwenn dokiman sa a gratis nan lòt fòm, tankou gwo karaktè, bray, oswa odyo. Rele (855) 882-3901, TTY/TDD: 711, 7 jou pa semèn, 8 a.m. pou 8 p.m., lè lokal. Apèl la gratis.

PO Box 298  
Monroe, WI 53566-0298  
Attn: Enrollment Accounting

Enfòmasyon Enpòtan sou Molina Healthcare



NYACHT26L00814